

# CARE CONNECTION

NIMEWO 3 | 2023

BATI LAVI AN SANTE

Sonje pou renouvle: Kenbe prestasyon  
AmeriHealth Caritas Florida w yo

Èske ou bezwen èd pou kominike?

Èske ou bezwen èd pou achte manje?  
Farm Share ak Feeding Florida ka ede w.

Rete an sekirite pandan Halloween

Sa paran yo ta dwe konnen sou medikaman ki  
la pou ede yon moun ki fè òvèdòz akòz opyoyid

Bonjan abitud pou pwoteje tèt ou  
kont grip la

Yon nouvo lwa Florid ki bay kòb  
pou edikasyon timoun yo

Annou brase lide!

Bonjan abitud pou timoun yo

Èske gen youn nan pwogram konpòtman ki  
bon pou lasante nou yo ki apwopriye pou ou?

Èske ou bezwen èd pou jwenn diplòm GED ou?  
Misyon nou se ede w!

Enfòmasyon ki enpòtan



  
**AmeriHealth Caritas**  
Florida



## Sonje pou renouvle: Kenbe prestasyon AmeriHealth Caritas Florida w yo

### Egzamen kalifikasyon ki fèt chak ane

Yon fwa chak ane, Depatman Timoun ak Fanmi an (Department of Children and Families) gendwa voye yon lèt ba w pou mande w enfòmasyon pou renouvle kalifikasyon w pou Medicaid pou w ka kenbe prestasyon Medicaid ou yo. Lè ou jwenn lèt renouvèlman an, se moman pou aji!

### Reponn rapid pou kenbe prestasyon w yo!

- Gen yon peryòd limite pou ranpli e pou voye enfòmasyon w yo bay Depatman Timoun ak Fanmi an.
- Si w pa voye yo nan delè yo ba w la, ou menm ak/oswa pitit ou yo te ka pèdi asirans Medicaid ou.

## Ou gen anpil enpòtans pou nou!

### Èske kowòdone w yo kòrèk?

Asire w Department of Children and Families (DCF) ka kontakte w lè moman pou renouvle plan sante w rive. Konekte sou kont MyACCESS ou sou **sitwèb DCF** la oswa rele DCF nan **1-866-762-2237** (TTY **1-800-955-8771**), lendi pou vandredi, 8:00 nan maten rive 5:30 nan aprèmidi.

Nou vle ede w amelyore sante w, rete an sante epi kontinye benefisye prestasyon AmeriHealth Caritas Florida w yo. Si w gen kesyon, tanpri kontakte Depatman Timoun ak Fanmi an nan **1-866-762-2237**. Epitou, ou ka gen posiblite tcheke kalifikasyon w yo oswa renouvle yo sou Entènèt.

Tanpri ale sou [www.myflorida.com/accessflorida](http://www.myflorida.com/accessflorida) pou jwenn plis enfòmasyon.





## Èske ou bezwen èd pou kominike?

Si w pa pale anglè, nou ka ede w. Nou gen moun ki ede nou pale avè w nan lang pa w. Nou ofri w èd sa a san ou pa peye pou sa.

Pou moun ki andikape yo: Si w sèvi ak yon chèz woulant, si w avèg, si w gen difikilte pou tande oswa pou konprann, rele nou pou jwenn plis èd. Nou ka fè w konnen si biwo yon pwofesyonèl sante adapte pou chèz woulant yo oswa si l gen dispozitif pou ede moun kominike. Epitou, nou gen sèvis tankou:

- Sèvis relè telekominikasyon (Telecommunications Relay Service): Sèvis sa a ede moun ki gen difikilte pou tande oswa pou pale lè yo bezwen kominike nan telefòn. Rele **711** epi bay yo nimewo telefòn ekip sèvis pou manm yo. Nimewo sa a se **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Y ap mete w ak kontak ak nou.
- Enfòmasyon ak dokiman nan gwo karaktè, nan fòm a odyo (son) ak nan bray.
- Èd pou pran randevou oswa pou ale nan randevou w yo.
- Non ak adrès pwofesyonèl sante ki espesyalize nan andikap ou a.

**Nou ba w tout sèvis sa yo san ou pa peye pou sa.**



# Èske ou bezwen èd pou achte manje? Farm Share ak Feeding Florida ka ede w.

Lè ou gen pwoblèm pou peye pou tout sa ou gen pou peye, li ka difisil pou jwenn manje ki fre e ki bon pou sante w. Sepandan, gen kèk gwoup lokal ki ka ede w nan eta Florid.

## Farm Share

**Farm Share** se yon bank alimentè ki itilize manje ki kiltive nan eta Florid. Se moun Florid ki te kreye Farm Share e òganizasyon sa a sèvi moun ki fè fas ak ensekirite alimentè depi 1991.

Objektif li se pou pa gen okenn rezidan Florid ki pase grangou e pou pa gen okenn manje ki gaspiye. Li pa t janm mande okenn òganizasyon ni moun kòb pou manje li bay la, ni li pa p janm fè sa.

Li pran pwodui ki rete yo nan jaden agrikiltè Florid yo epi li bay rezidan Florid ki nan neseseite yo fwi ak legim sa yo. Li bay plizyè milyon moun manje epi li anpeche plizyè milyon kilogram manje jete. Kounye a, se li ki pi gwo bank alimentè endepandan nan eta Florid!

Li bay fanmi, timoun, granmoun ak lòt moun Florid ki nan neseseite fwi, legim, pwoteyin ak manje ki pa ka gate ki bon pou sante yo e ki gen bonjan eleman nitritif.

Ale sou sitwèb Farm Share a pou **jwenn yon sant distribisyon manje** toupren w. Epitou, li gen yon **kalandriye distribisyon manje**.

## Feeding Florida

Rezo **Feeding Florida** a gen ladan l 12 bank alimentè Feeding America ak 2,400 gwoup kominotè. Yo tout travay nan tèt ansanm pou tout moun ki bezwen sa jwenn manje.

Se sèl òganizasyon ki sèvi tout konte Florid yo, pandan tout ane a, chak jou. Li vle pou tout moun nan eta a gen posiblite jwenn manje fasil.

Ale sou sitwèb li a pou **jwenn manje kounye a**.

Epitou, Feeding Florida gen pwogram Fresh Access Bucks pou ede w achte plis pwodui ki fre. Ou ka sèvi ak Fresh Access Bucks pou achte fwi ak legim nan makèt kote agrikiltè vin vann pwodui yo, nan ti mache, nan pwogram agrikilti kominote a soutni (community-supported agriculture, CSA), nan mache mobil ak nan makèt kominotè. Grasa Fresh Access Bucks, lè ou depanse \$10 ak kat SNAP/EBT ou, ou ka jwenn \$10 anplis pou achte fwo ak legim fre ki soti Florid.

**Dekouvri fason Fresh Access Bucks fonksyone.**







## BLE AK VYOLÈT

blakberi	prin
bluberi	prin seche
kasis	fig frans vyolèt
dat	rezen sèk
berejèn	
rezen	

## WOUK AK WÒZ

bètrav	grenad
seriz	radi
kranberi	radi wouj
chadèk wòz	pòm wouj
	rezen wouj
	piman dous wouj
	pòm detè wouj
	ribab
	frèz
	tomat
	melon dlo

# MANJE PLIS KOULE

Pi bon fason pou w jwenn tout vitamin, mineral ak eleman nitritif ou bezwen yo, se manje diferan kalite fwi ak legim ki gen diferan koulè. **Mete koulè nan asyèt ou chak jou ak senk prensipal gwoup koulè.**

## VÈT

aticho	kiwi
aspèj	gwo pwowo
zaboka	sitwon vèt
pak-tchoy	lalo
bwokoli	kalalou
chou briksèl	pwa (fwi a)
selri	pwa
chou peyi	leti women
konkonm	pwa Frans
pwa tann	epina
chou vèt	pwa gouman
rezen vèt	krezon
pwowo	koujèt
piman dous vèt	
chou kale	

## BLAN

fig	djondjon
chouflè	zonyon
lay	pòm detè
aticho	pasnip
Jerizalèm	echalòt

## JÒN AK JÒN ABRIKO

	piman dous jòn abriko
joumou acorn	papay
joumou butternut	pèch
abriko	anana
melon kantaloup	joumou
kawòt	joumou summer
mayi	patat
limones	mandarin
sitwon jòn	yanm
mango	pòm jòn
nektarin	piman dous jòn
zoranj dous	joumou jòn

# Rete an sekirite pandan Halloween

Halloween kapab yon fèt amizan pou timoun ak paran yo. Suiv konsèy sa yo pou tout moun rete an sekirite.

## Sekirite pou kostim yo

Men sa ou kapab fè pou pitit ou ka mete kostim li an sekirite:

- Achte kostim, perik ak akseswa ki pa ka pran dife sèlman.
- Mete yon bann papye ki reflechi limyè a sou kostim yo ak sak yo, epi bay timoun yo baton ki klere oswa flach.
- Olye timoun yo mete mask ki ka anpeche yo wè byen, fè yo mete yon makiyaj ki pa toksik.
- Pa bliye, makiyaj ka lakòz pwoblèm sou po a ak nan je yo si w kite l fè twòp tan sou pitit ou. Lave figi pitit ou yo anvan y al dòmi.

## Sekirite lè timoun yo ap mande sirèt nan papòt kay moun yo

Men kèk konsèy pou pitit ou yo ka an sekirite lè y ap mache mande sirèt ak bonbon:

- Veye pou yon adilt toujou voye je sou timoun yo pandan yo nan lari.
- Si w gen timoun ki pi gran ki pral soti poukont yo, planifye ki kote yo pral pase alavans pou yo konnen ki kote yo prale.
- Pale avèk yo sou lè yo sipoze retounen lakay yo.
- Veye pou yo ale kote ki gen bonjan limyè sèlman, pou yo rete avèk zanmi yo e pou yo pa janm antre lakay oswa nan machin yon moun yo pa konnen.

## Sekirite pou moun k ap kondui machin

Si w pral kondui machin nan jou Halloween, se pou w pridan anpil. Suiv konsèy sa yo si w pral kondui machin:

- Ka gen timoun k ap mache mande sirèt nenpòt kote. Prete atansyon ak wout la, ak zòn ki nan mitan wout la ak twotwa a.
- Fè atansyon ak timoun ki gen rad tou nwa sou yo, sitou apre solèy la kouche.
- Fè plis pridan toujou lè w ap soti devan kay moun yo ak nan ti wout piti.
- Pa kite moun ki fèk jwenn lisans yo kondui nan jou Halloween.

## Sekirite lè timoun yo ap manje sirèt

Pou anpil timoun, se sirèt ak bonbon ki pi bon bagay nan Halloween. Suiv konsèy sa yo pou tout moun rete an sekirite nan fanmi w.

- Di timoun yo pou yo pa manje sirèt yo toutotan ou poko tcheke yo lakay ou.
- Si w gen yon timoun ki fè alèji ak yon manje, toujou li etikèt la anvan li manje nenpòt sitèt oswa bonbon.
- Di pitit ou yo pou yo pa pran manje ki pa nan yon anbalaj.
- Pran bajay ki ka danjere yo, tankou chiklèt, nwa, sirèt di ak ti jwèt, nan men timoun piti yo.
- Verifye anbalaj yo pa pèse ni chire pou asire w pèsòn pa mete anyen ki danjere nan sirèt yo. Jete nenpòt bagay ki sanble dwòl.

Lè ou suiv konsèy sa yo, ou ka fè tout moun nan fanmi w pi byen pwofite Halloween ane sa a!



Sous:

“Simple Steps for an Extra Safe Halloween,” National Safety Council (NSC), <https://www.nsc.org/community-safety/safety-topics/seasonal-safety/autumn-safety/halloween>.

“Halloween Safety Tips: Costumes, Candy, and Colored Contact Lenses,” U.S. Food and Drug Administration, 24 oktòb 2022, <https://www.fda.gov/consumers/consumer-updates/halloween-safety-tips-costumes-candy-and-colored-contact-lenses>.





## Sa paran yo ta dwe konnen sou medikaman ki la pou ede yon moun ki fè yon ovèdòz akòz opyoyid

Flit nalokson pou nen yo rele Narcan nan ka sove lavi yon moun ki fè yon ovèdòz akòz opyoyid. Ou ta dwe toujou gen l sou ou si gen yon moun lakay ou ki pran opyoyid pou kèlkeswa rezon an.

Kounye a, ou ka jwenn li sou preskripsyon oswa nan men kèk òganizasyon lokal. Talè konsa, kèk famasi, makèt ak magazen sou Entènèt pral kòmanse vann Narcan.

Li ka kanpe yon ovèdòz yon moun fè akòz opyoyid apre kèk minit. Mete sou sa, ou ka itilize l san danje pou tibebe, timoun, adolesan ak adilt.

### Yo rekòmande nalokson pou nenpòt moun ki:

- Itilize opyoyid yon fason doktè l la pa t mande
- Itilize ewoyin oswa fentanil
- Gen yon depandans ak opyoyid
- Viv ak yon moun ki gen yon depandans oswa ki itilize opyoyid
- Gen opyoyid lakay li ak timoun piti ki gendwa pran yo pa aksidan
- Achte nenpòt kalite medikaman sou Entènèt oswa san preskripsyon

Menm si ou pa fin sèten si yon moun ap fè yon ovèdòz, ou ka toujou ba li Narcan san sa pa prezante okenn danje pou li.

Chèche konnen ki siy ki montre yon moun ap fè yon ovèdòz. Pafwa, sa rive pou tibebe ak timoun to pran medikaman yon lòt moun pa aksidan. Si w konn achte medikaman sou Entènèt, yo gendwa voye yon fo medikaman ba w e medikaman sa a ka gen yon kantite opyoyid, tankou fentanil, ki danjere ladan l.

### Men kèk siy ki montre yon moun ap fè yon ovèdòz:

- Pa reveye lè w ap souke l
- Respire yon fason ki pa fon oswa ki lan, oubyen pa respire ditou
- Po a, po bouch la ak pwent dwèt yo ki pal
- Batman kè ki lan oswa ki pa regilye
- Bri gagari oswa vomisman
- Pa pale klè
- Kò ki vin mou
- Nwa je ki vin piti

**Si w remake siy sa yo, rele 911 epi suiv enstriksyon ki sou bwat Narcan nan. Moun nan ta dwe reveye youn a twa minit apre ou fin ba li Narcan. Rete avèl jiskaske sekou yo rive. Si li vin pèdi konesans yon lòt fwa ankò, ba li yon lòt dòz Narcan epi fè l kouche sou yon bò kò li. Fè sa ou kapab pou l ret je klè e pou l respire.**

Sous:

Steve Schering, "What parents should know about medicine that reverses opioid overdose," American Academy of Pediatrics News, 1<sup>re</sup> jiyè 2023, <https://publications.aap.org/aapnews/news/24716/What-parents-should-know-about-medicine-that>.

Scott Hadland, MD, MPH, MS, FAAP and Rita Agarwal, MD, FAAP, "What Parents Need to Know About Naloxone for Opioid Overdose," HealthyChildren.org, 24 me 2023, <https://www.healthychildren.org/English/ages-stages/teen/substance-abuse/Pages/what-parents-need-to-know-about-naloxone-for-opioid-overdose.aspx>.

# Bonjan abitid pou pwoteje tèt ou kont grip la

Sezon grip la prèske rive. Byenke anpil moun konn gripe, maladi sa a kapab grav pou kèk moun, sitou moun ki gen opresyon, dyabèt oswa yon maladi kè. Menm si ou pa gen jan de pwoblèm sante sa yo, ou ta dwe fè tout sa ou kapab pou evite l.

Pi bon fason ou ka pwoteje tèt ou ak fanmi w kont grip la se **vaksin** chak ane. Sepandan, gen anpil lòt bagay ou ka fè pou evite pran grip la.

## Men kèk bagay ou ka fè pou pwoteje tèt ou ak lòt moun kont grip la ak lòt maladi:

- Evite pwoche kot moun ki malad.
- Kenbe distans ou ak lòt moun si w malad.
- Si w kapab, rete lakay ou olye w al travay, lekòl oswa fè komisyon lè ou malad.
- Toujou kouvri bouch ou ak nen w si w ap touse oswa estènen.
- Lave men w souvan.
- Evite manyen je w, nen w ak bouch ou.
- Netwaye sifas yo lakay ou ak kote w ap travay la.
- Pran abitid ki bon pou sante w, tankou dòmi ase, manje manje ki bon pou ou ak fè egzèsis.

Si w pran grip la, genyen **medikaman** ou ka pran k ap soulaje w e k ap ede w refè rapid. Etandone se sou preskripsyon sèlman yo disponib, pale ak doktè w tousuit si w gen sentòm grip.

Si nou pran bonjan abitid pou sante nou e si nou pran vaksen nou regilyèman, ou menm ak fanmi w ka evite pran grip la sezon sa a!

Sous:

“Key Facts About Seasonal Flu Vaccine,” Centers for Disease Control and Prevention, 19 desanm 2022, <https://www.cdc.gov/flu/prevent/keyfacts.htm>.

“What You Should Know About Flu Antiviral Drugs,” Centers for Disease Control and Prevention, 15 desanm 2022, <https://www.cdc.gov/flu/treatment/whatyoushould.htm>.





# Yon nouvo lwa Florid ki bay kòb pou edikasyon timoun yo

Yon nouvo lwa yo rele **House Bill 1** bay fanmi yo kòb pou lekòl prive, pou sa ki nesèsè pou timoun ki suiv kou lakay yo e pou lòt depans ki gen rapò ak edikasyon.

Se òganizasyon ki rele Step Up for Students ki jere demann yo ak peman yo. Si pitit ou yo nan nivo matènèl rive 12<sup>yèm</sup> ane, lèfini yo pa andikape, ou ka **aplike isit** pou jwenn Florida Tax Credit Scholarship (FTC)/Family Empowerment Scholarship for Educational Options (**FES-EO**).

## Gen kòb ki disponib tou pou:

- Timoun ki gen 3 lane oswa plis e ki gen **andikap**
- **Timoun ki suiv kou yo lakay yo**
- Transpò pou ale nan lekòl piblik ki pa nan zòn ou (jiska \$750)
- Elèv k ap sibi **brimad** e ki vle chanje lekòl
- Elèv ki nan matènèl rive 5<sup>yèm</sup> ane e ki bezwen èd pou **aprann li**

Sous:

Dierdra Funcheon, "How to claim money for kids' education under new Florida law," *Axios Miami*, 12 jen 2023, <https://www.axios.com/local/miami/2023/07/12/how-to-claim-kids-education-new-florida-law>.

## Annou brase lide!

Si w lakay ou ak timoun yo, lèfini ou vle timoun yo fè kèk aktivite ki enteresan san yo pa pase tan devan yon ekran, tcheke twotwa ki devan kay la!

Pran lakrè epi itilize tèt ou pou twotwa a ka tounen yon twal kote timoun yo ap pase anpil èdtan nan aktivite ki enteresan e ki edikatif.

### Men ki jan ou ka amize w ak lakrè sou twotwa a:

- **Desine tèt ou.** Fè yon moun kouche sou twotwa a pandan yon lòt moun desine kò li. Apre sa, fè yon lòt moun desine figi li, cheve li, rad li yo ak lòt bagay ankò.
- **Aprann kèk mo.** Ekri kèk mo ki fasil sou twotwa a. Apre sa, voye yon ti sak ki plen sab sou yo epi fè pitit ou yo eple mo sak la tonbe sou li a. Se yon bèl fason pou ede yo aprann li.
- **Kreye pwòp jwèt pa w.** Pou kòmanse, desine yon wout oswa yon ray tren. Apre sa, kite timoun yo sèvi ak imajinasyon yo pou yo desine bilding, moun, bèt ak kèlkeswa sa ki vin nan lespri yo.
- **Jwe marèl.** Jwèt klasik sa a toujou bon pou nouvo jenerasyon yo!
- **Fè egzèsis matematik.** Timoun to renmen rezoud pwoblèm. Ede yo aprann fè sa sou twotwa a.

Sous:

Alesandra Dubin, "13 Chalk Art Ideas That Will Make Your Sidewalk the Coolest One in the Neighborhood," *Good Housekeeping*, 27 avril 2020, <https://www.goodhousekeeping.com/home/craft-ideas/g32266524/chalk-art-ideas/>.



# Bonjan abitid pou timoun yo

Yon bon fason ou ka ede timoun yo gen plis kè kontan jodi a e alavni se ede yo pran bonjan abitid.

Pran bonjan abitid pa yon bagay ki difisil. Annik fikse kèk ti objektif yo k ap fasil pou yo reyalize nan twa domèn enpòtan sa yo:

## Aktivite fizik

- Ankouraje timoun ki poko al lekòl yo pou yo pase twazèdtan chak jou nan diferan aktivite.
- Ankouraje timoun k al lekòl yo ak adolesan yo pou yo fè aktivite fizik pandan 60 minit chak jou.

## Alimantasyon

- Veye pou nou manje anpil legim, fwi, nwa, grenn konplè, pwodui ki fèt ak lèt ki pa gen anpil grès ak pwoteyin mèt chak jou.
- Manje mwens grès trans, vyann yo prepare nan izin, glisid ki rafine ak bwason yo ajoute sik ladan yo.

## Tan yo pase devan yon ekran


- Anpeche yo pase plis pase inèdtan oswa dezèdtan chak jou devan yon ekran (televizyon, òdinatè, jwèt videyo, telefòn, tablèt) si sa pa gen rapò ak aktivite lekòl yo.
- Lè ou ede timoun yo pran abitid ki bon pou sante yo, y ap santi yo anfòm, sante mantal yo ap amelyore e y ap gen mwens chans pou yo gen anksyete ak depresyon.

Sous:

“Kids’ Physical & Mental Health,”  
American Heart Association, 4 me 2021,  
<https://www.heart.org/en/healthy-living/healthy-lifestyle/mental-health-and-wellbeing/kids-physical-and-mental-health>.







## Èske gen youn nan pwogram konpòtman ki bon pou lasante nou yo ki apwopriye pou ou?

Mwa novanm se mwa yo mete apa pou pale sou kansè poumon e pou evènman yo rele Great American Smokeout. Nou genyen yon pwogram pou ede w sispann fimen. Lè w enskri epi ou fè evakyasyon risk inisyal la, n ap ba w yon kat kado \$10. Mete sou sa, ou ka jwenn patch nikotin, lozanj ak chiklèt san preskripsyon gratis. Bagay sa yo ka ede w jere gwo anvè fimen ou gendwa santi a. Ou ka jwenn yon kat kado \$10 si w patisipe nan yon seyans gwoup ak nan seminè pou ede w kanpe. Lè w fini pwogram nan epi ou voye sètifika achèyman an pa lapòs bay AmeriHealth Caritas Florida, w ap resevwa yon kat kado \$30. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **sitwèb** nou an pou wè tout pwogram ki disponib yo.

### **Pwogram konpòtman ki bon pou lasante AmeriHealth Caritas Florida yo se:\***

- Sèvis prevansyon oswa sèvis anbilatwa pou adilt
- Suivi sante konpòtmantal
- Pwogram matènite
- Pwogram pòs-patòm
- Vizit woutin kay doktè pou timoun ak adolesan
- Tès depistaj pou kansè tete
- Tès depistaj pou kansè sèvikal
- Tès pou moun ki gen dyabèt
- Egzamen je pou moun ki gen dyabèt
- Tès depistaj pou plon
- Pwogram retablisman anba abi alkòl ak lòt sibstans
- Pwogram pou sispann fimen
- Pwogram pou pèdi pwa

Èske ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon?  
Rele ekip sèvis pou manm yo nan  
**1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856).**  
Epitou, ou ka ale sou sitwèb nou an nan  
adrès **[www.amerihealthcaritasfl.com](http://www.amerihealthcaritasfl.com)**.

\* Ou ka patisipe nan plizyè pwogram konpòtman ki bon pou lasante (depi ou kalifye). Ou ka resevwa jiska \$50 kòm rekonpans pa ane pou chak pwogram. Ou ka enskri nan chak pwogram konpòtman ki bon pou lasante yon sèl fwa chak ane. Ou pa kapab sèvi ak rekonpans yo pou achte alkòl, tabak, biyè bòlèt, medikaman (sòf si se medikaman ki san preskripsyon), zam afe, oswa minisyon. N ap voye rekonpans yo apre nou verifiye si w te fini pwogram ki fè w kalifye yo nètale.

**Mwa oktòb se mwa yo mete apa pou pale sou kansè tete.**

**Pa bliye pran randevou pou mamografi ou sipoze fè chak ane a.**



# Èske ou bezwen èd pou jwenn diplòm GED ou? Misyon nou se ede w!

Mission GED se yon pwogram espesyal ki ka ede w atenn objektif pou jwenn diplòm ekivalans lekòl segondè w (HSE) oswa sètifika GED ou. Pwogram sa a ap menm ba w yon "titè" k ap soutni w pandan tout pwosesis la. Nou vle w reyisi! Prestasyon siplemantè sa a disponib sèlman pou manm AmeriHealth Caritas Florida ki kalifye yo.

## Mission GED ka ede w avèk:

- **Depans pou tès la.** Tès la ka koute chè. Men lè ou enskri nan Mission GED, AmeriHealth Caritas Florida pral ba w bon pou tès yo k ap pèmèt ou fè tès pratik ak tès nòmal pou jwenn diplòm HSE a san w pa peye anyen!
- **Prepare.** N ap fè w jwenn resous k ap ede w prepare w pou egzamen an.
- **Sipò.** Nou pral kontakte w regilyèman pou ede w pwogrese. Nou pral ankouraje w!

## Pou enskri nan Mission GED, ou:

- Dwe yon manm AmeriHealth Caritas Florida.
- Dwe genyen ant 16 ak 50 lane.
- Pa dwe genyen yon diplòm lekòl segondè ni yon diplòm ki ekivalan.
- Pa dwe enskri nan yon lekòl segondè ni nan yon inivèsite.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [www.amerhealthcaritasfl.com/GED](http://www.amerhealthcaritasfl.com/GED). Osinon rele ekip repons ak kontak rapid AmeriHealth Caritas Florida a nan **1-855-371-8072**, lendi pou vandredi, soti 8è nan maten pou rive 5è nan aprèmidi.





# ENFÒMASYON KI ENPÒTAN

## Èske ou pare pou itilize aparey mobil ou?

Telechaje aplikasyon nou an san sa pa koute w anyen.\*  
Itilize aplikasyon mobil nou pou gade kat manm dijital ou, antesedan sante w yo ak lòt resous ki enpòtan.

Pou jwenn aplikasyon mobil la, ale nan boutik Google Play oswa nan Apple App Store epi chèche **AHC mobile**.

Osinon, ou ka eskane kòd pou Apple oswa Android pou telechaje aplikasyon an.

\*Ou ka gen pou peye sa operatè telefòn mobil ou mande pou voye mesaj oswa pou itilize done sou Entènèt.



Apple



Android

## Èske ou bezwen yon telefòn ki ka konekte ak Entènèt san w pa peye anyen pou sa?

Manm ki kalifye yo ka jwenn yon telefòn ki ka konekte ak Entènèt\* san sa pa koute yo anyen! Telefòn sa a mache avèk yon kantite done Entènèt ak minit ou resevwa chak mwa, yon kantite mesaj tèks ki pa limite, ak apèl telefòn ki pa koute anyen lè w ap rele ekip sèvis pou manm yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon e pou aplike, kontakte patne nou, **SafeLink**, nan **1-877-631-2550**, epi mansyone kòd pwomosyon **AMERIHEALTH**.

\*Limit la se youn pou chak fwaye, epi moun nan dwe gen omwen 18 lane pou 1 kalifye.

## Èske ou ansent? Fè nou konn sa



Rele nan **1-855-371-8076** pou enskri nan **Bright Start®**, yon pwogram espesyal pou manm nou yo ki ansent.

## Èske kowòdone w yo ajou?



Èske w fèk chanje kay oswa nimewo telefòn? Fè nou konn sa! Pou mete kowòdone w yo ajou, rele ekip sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800** (TTY **1-855-358-5856**) 24/7/365.

## Èske ou bezwen yon transpò pou ale nan yon randevou oswa pou jwenn yon sèvis swen sante?

Rele sèvis transpò Amerihealth Caritas Florida a nan nimewo gratis **1-855-371-3968**.

## RAPÈL

Tcheke pòtay pou manm yo pou wè enfòmasyon sou PCP ou, pou wè dènye antesedan medikal ou yo, pou mande yon nouvo kat manm e pou fè lòt bagay ankò.  
[www.amerihealthcaritasfl.com](http://www.amerihealthcaritasfl.com)




## Èske ou te eseye telemedsin deja?

Dekouvri jan li pratik!

Telemedsin pèmèt ou pale ak yon pwofesyonèl sante san w pa oblije al nan biwo li grasa yon òdinatè, yon tablèt oswa yon telefòn ki konekte ak Entènèt.

Mande pwofesyonèl sante w la si li bay opsyon telemedsin. Osinon, itilize **MDLIVE** san sa pa koute w anyen antanke manm.



## Nimewo telefòn ki enpòtan

Ou ka rele pou jwenn jwenn sèvis sa yo 24/7/365.


Ekip sèvis pou manm yo: **1-855-355-9800**  
(TTY **1-855-358-5856**)

Liy asistans enfimye:  
**1-855-398-5615**

Sèvis transpò:  
**1-855-371-3968**

Ekip sèvis pou manm yo:  
**1-855-371-3963**

Sèvis sante konpòtmantal pou manm yo:  
**1-855-371-3967**



### **Zak diskriminasyon pa ann amoni ak lalwa**

AmeriHealth Caritas Florida dakò ak lwa federal sou dwa sivil yo epi li pa fè diskriminasyon, li pa mete moun sou kote ni li pa trete moun yon fason ki diferan akoz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap, kwayans, relijyon, zansèt, sèks, idantite oswa ekspresyon seksyèl, oubyen oryantasyon seksyèl.

AmeriHealth Caritas Florida:

- Bay moun ki gen andikap asistans ak sèvis gratis (san yo pa peye pou sa) pou kominike fasilman ak nou, tankou:
  - Entèprèt konpetan nan lang siy.
  - Enfòmasyon sou lòt fòm (gwo karaktè, odyo, fòm elektwonik aksesib, lòt fòm ankò).
- Bay moun ki pa fò nan anglè sèvis lang gratis (san yo pa peye pou sa), tankou:
  - Entèprèt konpetan.
  - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w ta bezwen youn nan asistans sa yo, kontakte AmeriHealth Caritas Florida nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**. Nou disponib 7 jou sou 7 epi 24 sou 24.

Si w ta konstate AmeriHealth Caritas Florida neglije bay sèvis sa yo oswa te fè diskriminasyon kont ou yon lòt fason, ou menm oswa reprezantan otorize w (depi nou gen otorizasyon w alekri nan dosye nou yo) kapab depoze yon doleyans bay:

- Grievance and Appeals, P.O. Box 7368, London, KY 40742. Telefòn: **1-855-371-8078 (TTY 1-855-371-8079)**, oswa Fax: **1-855-358-5847**.
- Ou ka depoze yon doleyans pa mwayen imèl, faks, oswa telefòn. Si w gen difikilte pou w depoze yon doleyans, ekip sèvis pou manm AmeriHealth Caritas Florida yo ap kontan ede w.

Ou ka pote yon plent sou dwa sivil bay Depatman Sante ak Sèvis Dwa Moun Etazini an ak Biwo Dwa Sivil la pa mwayen elektwonik, ou ka fè sa sou Paj pou Plent Biwo pou Dwa Sivil la nan <https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>, oswa pa mwayen kourye oswa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services  
200 Independence Avenue, SW  
Room 509F, HHH Building  
Washington, D.C. 20201  
**1-800-368-1019 (TTY 1-800-537-7697)**

Fòmilè pou plent yo disponib nan:  
<http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.



English: This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 hours a day, seven days a week. If your primary language is not English, or to request auxiliary aids, assistance services are available to you, free of charge.

Spanish: Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Póngase en contacto con nuestro número de servicios al cliente al **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, las 24 horas del día, los siete días de la semana. Si su idioma principal no es el inglés, o necesita solicitar ayudas auxiliares, hay servicios de asistencia a su disposición de forma gratuita.

Haitian Creole: Enfòmasyon sa yo disponib gratis nan lòt lang. Tanpri kontakte ekip sèvis kliyan nou an nan **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. Si anglè pa lang manman w oswa si w ta renmen mande yon èd konplemantè, ou ka resevwa sèvis ki gratis pou ede w.

Vietnamese: Thông tin này có sẵn miễn phí ở các ngôn ngữ khác. Vui lòng liên lạc bộ phận dịch vụ khách hàng của chúng tôi theo số **1-855-355-9800 (TTY 1-855-358-5856)**, 24 giờ một ngày, bảy ngày trong tuần. Nếu ngôn ngữ chính của quý vị không phải là tiếng Anh, hoặc để yêu cầu các thiết bị trợ giúp bổ sung, thì quý vị có thể sử dụng miễn phí các dịch vụ hỗ trợ.



**AmeriHealth** *Caritas*<sup>™</sup>

---

Florida